

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan métode *Démonstrasi* dina Pangajaran Ngadongéng Sasakala *Biruang Jadi Sato Galak* Kelas X-11 SMA Negeri 1 Tasikmalaya, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh ngadongéng siswa kelas X-11 saméméh ngagunakeun métode *Démonstrasi* nya éta kurang nyugemakeun, hal ieu dibuktikeun ku hasil rata-rata pratés siswa nu masih kénéh handap, nya éta kalawan rata-rata skor 52,36. Sedengkeun kamampuh ngadongéng siswa kelas X-11 sanggeus ngagunakeun métode *Démonstrasi* nya éta nyugemakeun, lantaran hasil postés siswa geus ngahontal rata-rata skor anu luhur nya éta 76,00.
- 2) Ningkatna kamampuh siswa kelas X-11 dina pangajaran ngadongéng sanggeus ngagunakeun métode *Démonstrasi*. Ieu hal dumasar kana ningkatna kamampuh siswa dina sasabaraha aspék kamampuh ngadongéng nu dipeunteun, di antarana: 1) aspék lafal nu tadina 2,86 ningkat jadi 4,03; 2) aspék lentong nu tadina 2,70 ningkat jadi 3,70; 3) aspék pamahaman eusi nu tadina 2,89 ningkat jadi 3,84; 4) aspék sistematika eusi nu tadina 2,61 ningkat jadi 3,86; 5) aspék réngkak jeung peta nu tadina 2,53 ningkat jadi 3,68; 6) aspék pidangan alat peraga nu tadina 2,30 ningkat jadi 3,60.
- 3) Aya béda nu signifikan kamampuh ngadongéng siswa kelas X-11 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun métode *Démonstrasi*. Saméméh ngagunakeun métode *Démonstrasi* nya éta 2,63% siswa nu geus mampuh

Rosi Gasanti

Metode demonstrasi pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngadongeng (studi kuasi eksperimen ka siswa kelas x-ii sma negeri 1 tasikmalaya taun ajaran 2012/2013)

ngadongéng, jeung 97,37% siswa acan mampuh ngadongéng. Sanggeus ngagunakeun métode *Démonstrasi*, kamampuh siswa ngalaman paningkatan, nya éta siswa nu mampuh ngadongéng 57,90%, jeung 42,10% siswa acan mampuh ngadongéng. Hal ieu dirojong ogé ku ayana uji hipotésis nu nétélakeun $t_{itung} > t_{tabel}$ nya éta $21,17 > 2,56$

5.2 Rékoméndasi

Tina hasil panalungtikan nu geus kapaluruh, aya sababaraha rékoméndasi anu ditepikeun ieu di handap.

- 1) Métode *Demonstrasi* geus kabukti bisa ningkatkeun kamampuh ngadongéng siswa kelas X-11 SMA Negeri 1 Tasikmalaya. Ku kituna, métode *Démonstrasi* bisa digunakeun ku guru mata pelajaran pikeun ngaronjatkeun kompetensi pangajaran nyarita lianna.
- 2) Dina pangajaran ngadongéng ngagunakeun métode *Démonstrasi*, saméméhna kudu diayakeun heula uji coba boh matéri nu rék ditepikeun boh alat-alat nu digunakeun dina prosés démonstrasi.
- 3) Perlu pisan diayakeun panalungtikan séjénna nu leuwih jembar pikeun pangajaran kaparigelan basa séjénna, kayaning métode dina pangajaran ngaregepkeun, nulis jeung maca.